



Pou Piblikasyon Imedya: 02/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ELEKSYON ESPESYAL NAN DISTRI SENA 47 AK
61 AK NAN DISTRI ASANBLE 36 LA**

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon eleksyon espesyal pou ranpli pòs vid nan 47yèm ak 61yèm Distri Sena, ak 36yèm Distri Asanble a ki pral fèt nan madi 3 fevriye 2026. Pòs vid yo te kreye akòz demisyon ansyen Senatè Eta a Brad Hoylman-Sigal, ansyen Senatè Eta a Sean Ryan, ak ansyen Manm Asanble a Zohran Mamdani, nan lòd sa a. Gouvènè Hochul te pibliye pwoklamasyon nan dat 2 janvye dapre Lwa sou Fonksyonè Piblik la.

"Lejislatè Eta sa yo te reprezante kominote yo avèk distenksyon nan Albany, epi nou swete yo tout siksè nan pwochen etap yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou asire elektè distri sa yo gen reprezantasyon nan Lejislati Eta a, pral gen yon eleksyon espesyal nan 3 fevriye 2026 pou ranpli pòs vid yo. Mwen pa ka tann pou mwen travay ak siksesè li yo epi travay sou pwoblèm ki enpòtan pou Nouyòk yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)